Вахит Хаджимурадов

# ЗАБАРЕ ДИЙЦАРШ МИНИАТЮРАШ

ДИЙЦАРИЙН ГУЛАР

Вахит  Хаджимурадов

# Забаре дийцарш миниатюраш. Дийцарийн гулар

«Издательские решения»

**Хаджимурадов В.**

Забаре дийцарш миниатюраш. Дийцарийн гулар / В. Хаджимурадов — «Издательские решения»,

ISBN 978-5-00-597272-9

300 забаре доца дийцарш а, масех катрен а йу дешархочунна автора шен гуларехь йовзийтуш. Нохчийн къам даима хилла шайн бегашца а, самукъане хиларца а къаьсташ, эрна ца аьлла Александр Дюмас нохчех — «Кавказан французаш».

ISBN 978-5-00-597272-9

© Хаджимурадов В.
© Издательские решения

# Содержание

ЦХЬАЖИММА КАТРЕНАШ 6
Конец ознакомительного фрагмента. 29

# Забаре дийцарш миниатюраш
# Дийцарийн гулар

## Вахит Хаджимурадов

© Вахит Хаджимурадов, 2023

ISBN 978-5-0059-7272-9
Создано в интеллектуальной издательской системе Ridero

# ЦХЬАЖИММА КАТРЕНАШ

Атта ду нохчийн къам дерриг а деза,
Байташ а кегаеш, хьерчадеш дош.
Амма ма г1орталахь цхьаъ нохчо везан,
Байташ а тоьура яц, тоьура дац дош.
*****
Даш хилла язъелла мархаш,
Сенбелла бистина бутт!
Йиш яц-кха дог дилла малхах,
Хиларах цу стиглахь и г1урт!
*****
Сийлахьчу доьналлин мох,
Д1абала ма хьерча сох!
Къарбина бойна сан букъ,
Ца лайна харцонийн дукъ!
*****
Берзлошна хьалха яьлларг
Гилла-борз хуьлу.
Уьстг1ашна хьалха яьлларг-м
Газа хуьлу.
*****
Сийначу б1аьргаша сенйина шело,
Хьаьрча сох 1ехавеш лепарах шен.
Дависа, ма яй хьо сан б1аьргийн серло,
Ма ч1ог1а ви-кха со сийналло лен.
*****
Дависа, и б1аьргаш ма хаза хьоьжу,
Малх санна лепаш ю цу йоь1ан юьхь
Кхечунга д1ахоьжу, кхинарг а лоьху,
Б1аьрзечу цу б1аьргийн кхоьлина юьхь
*****
Сийначу цу стигла, к1айн марха хилла,
Йаха хьо ластош схьа соьга а т1ам.
Амма сан дац т1емаш, ахьа бехк ма билла,
Сан дахар лаьттахь ду, сан жима 1ам.
*****
Ма хьежа малхе, б1аьрнур талхош,
Ма къийса хазалла цуьнца ахь!
Ткъа х1инца лела бала балхош,
Аптекехь эца куьзганаш!
*****
Ма тийса м1араш цициго санна,
Ас мохь ца аларх, лазво со!
Д1атий сан хьомениг цхьана ханна,
Т1къа т1аккха цергаш ирйо сох!
*****
Ма хьежа к1елд1ашхула соьга,

Ма хьежа б1аьргаш буог1абай!
Ас кхана дер ду собар хьоьга,
Ма хьежа кхана а соьга, х1ай!
*****
Ма сиха кхечи гуьйре вайна,
Сан са ма диси б1аьстена чохь.
Ткъа 1а т1екхаьччи, шело лайна,
Со-м виси гуьйрех хьоьгучохь.
*****
Нохчийн сий нохчийн йо1 деца!
Шовданан т1адам бу и!
Малх санна хаза и еца,
Пет1амат зезаг ду и!
*****
Хиллачу цу т1амт1ехь со висина техьа,
Дуьненахь лелаш дерг са ду те сан?
Со х1унда висина 1ожаллан сехьа,
Къизачу мостаг1ийн къизалла ган?
*****
Ма кхоадайша, нохчийн к1ентий,
Вовшен ала мерза дош!
Халонийн и шело хьерчарх,
Дег1ах эцна са д1ахьош!
*****
Со вац-кха Лондоне садо1а воьдуш
Х1ун до ас Лондонехь, ца хаьа мотт.
Ц1адуьйла цигара нохчий, со хьоьжу,
Ингалсийн мотт буьтуш, Нохчийчоь йотта!
15.12.22 шо.



1АЛАМАН А, 1АДЛАНАН А ЗАБАРШ

**1аламан дийцар.**

1алам 18 шо кхаьчна жима стаг, колледжехь шеца доьшуш болчу кегийра нахах дуьйцуш вара и шен ден йишина Заремина:

– Тхоьца доьшуш волчу цхьана к1антана дас, нанас зуда ялийна, 18 шо кхаьчча, – бохура цо.

– Муха зуда ялийна? – хоьттура ден йишас. Хьо-м вац зуда яло дагахь?

– Вац дера со-м, аса-м 20 шо кхаьчначу хенахь бен ялор яц! – ден йиша сапарг1ата яьккхира 1аламас.

– Йоь1ан масса шо ду, к1ентан 18 шо хилча? – хаьттира ден йишас.

– 16 шо ду-кх. Бера а ду цера-м…

– Ткъа бера леладой цу шимма?

– Ца лeладо дера, – цецвелира 1алам. Бера а, уьш кхоьа а цара леладо-кх.

– Хьан цара?

– Дас, нанас а, массо а гергарчара леладо-кх!

**1адлан хьалхара классера дешархо.**

1адлан дукха инзаре цецваьлла вара, х1окху школехь болх беш йолчу, ден йишас Заремас дуьххьара школе валийча, шен хьехархочо Амнатас куьйг схьалаьцча а, реза воцуш:

– Схьа ма леца сан куьйг! – бохуш.

Жимма хан яьлча, д1авуьйлира и шен хьехархочух, хеста а йора 1адланас Амнат Мовладовна. Хьалхара классера к1ант х1инца школах а д1авулуш вара, классера берашца ловзуш а хазахетара цунна, цхьа дагахь доцуш х1ума юкъа ца доьллехьара.

– Лоьраш бог1уш бу вайн школе! Мехий деттара долуш бу уьш! – хабар даьржира класса чохь.

1адлан воьхна хьаьвзира, дуьххьара дагадеъnarг – «Вада! К1елхьара вала!» – дара.

Классера бераш а дара цхьадерш доьхна хьийзаш, цхьадерш самукъа даьлла, стенна делахь а, вуьш хиллачух ца кхетара.

«Вада!» – ойлано юьхьара лаьцначух тера дара 1адланан кхин д1а кхоллаелла 1алашо.

Марчош санна йолчу к1айн халатех а хьаьрчина лоьраш классана чоьхьа бевлича, 1адлан классехь карош вацара цханна дешархочуна а, хьехархочунна а!

– Бераш, тахана шуна мехий деттара дац оха. Шун б1аьрса а, аша мел дег1даьккхина а дустура ду оха, цхьа а сакхат дуй а хьовсура ду тхо шун дег1аца. Мегар дуй? Дика бераш дуй шу? – хабаре елира уггара лекха йолу лор.

– Ду тхо дика бераш! Аша мехий ца диттичахьана! – самукъаделира берийн.

Ша-ша хьалха вала а г1ерташ, бераша шаьш дустийтара, шайн сирла б1аьрса а гойтура, шаьш цхьа а сакхат доцуш дашон седа санна ц1ена бераш дуйла а гойтура бераша. Шадериг а дика д1адоьдуш дара, цхьана лоьро фамили ца яьккхинехьара:

– Фаргиев 1адлан!

Ткъа Фаргиев 1адлан вацара! Шадолу бераш гонаха хаьвсира, Амнат Мовладовна а хьаьжира гонаха, лоьраш а хьаьвсира, шайна и 1адлан жима волуш дуьйна вевзаш волуш санна. Амма 1адлан вацара, хилла меттиг а бацара!

– Бераш, цхьаннена а гирий 1адлан? – хаьттира хьехархочо.

Берийн вовшен ца девзаш, дуьххьара вовшен гуш долуш санна хьежар гича, кхеташ дара – 1адлан царна юккъехь ца хилар.

Парташна бухахь а вацара 1адлан, ишкапашна т1ехьа а вацара, хьехархо шен истолана т1ехьа а хьжира – цигахьа а вацара к1ант. Береш, хьехархо, лоьраш шайн к1ант лехар шордан буьйлира, амма шуьйрачу уьйчахь а вацара к1ант. Кхин а шордира х1окхара к1ант лахар, амма арахь а, ишколан гонаха дитташна т1ехьа а карош вацара к1ант. Дени бохуш волу 1адланан доттаг1 ца хиллехьара т1епаза вайна ваьллера 1адлан.

– Суна-м хаъа 1адлан стенгахь ву… тхо переменехь лечкъаргах ловзуш д1алечкъачахь хила веза-кх и, – элира Денис, куьйг а лаьцна Амнат Мовладовна д1а а озаеш.

Ишколан т1ехьа, котельни чекхйолучохь, керта йистехь ишколан директора д1аьвшен мотт берашна 1едало схьахоьцуш долу ахча лачкъо дагадеина, белхалой бехке беш ц1ог1не баьлла, хаза сурт хилла хьун санна г1ундалг1еш лестачу схьабалийра х1орш Денис.

– 1адлан, хьо ккузахь вуй? Гучуваьлла хьо, аравала! – кхайкхира Денис.

Б1аьргех хьоьккхуш б1аьрхиша башабина буй а болуш, коьртара месаш т1ера дуьйна хечин когашна т1е кхачалца шавериг баь1ех а вуьзина г1ундалг1ешна юкъара аравелира миска 1адлан. Ша обарг санна лаца баьхкинчу берашка, лоьрашка, хьехархошка а хьаьжина, вада дагахь д1аволавелира к1ант. Амнат Мовладовнас куьйг а лаьцна схьаозийча, 1адлан дуьхьала г1оьртира.

Орцаха яьлла йеъначу ден йишас Заремас элира, г1уллакх кхин гена далале:

– 1адлан, ма г1олахь д1а! Хьо стенга воьду?

– Со воьдура-м ву! – дош раз а олуш, тохавелира к1ант.

– 1адлан, мехий детташ дац хьуна! – мохь туьйхира 1адланан орцаха даьхкинчу берех цхьамма.

1адлан, буйнаца б1аьрхиш д1аса а хьоьккхуш велакъежира.

Классе чубаьхкира шаберш а. Лоьраш д1абуьйлабелира шайн болх бан. 1адлан д1аса хьожуш вара къайлаха, амма лоьрийн карахь маха хаалуш бацара. Бераш т1екхойкхуш лакхалла юстуш, б1аьрса муха ду хьовсуш бара лоьраш.

Эххара а 1адлан т1екхайкхира лоьро. Дег1ана лакхалла юста буха х1отта везара аннех бинчу бустамна. Т1ера шена у чу дужура долуш санна хьаьжина, шен дег1ана локхалла юстийтара 1адланас. Б1аьрса дика дуй хьовса а вигира 1адлан.

– Цкъа цхьа б1аьрг д1а къовлий, алал х1ара х1ун элп ду? – элпаш т1ехь долу у гойтура лоьро 1адланина. 1адлан, х1инца а дакъадаланза долчу б1аьрхишна юкъахула хьоьжура, цкъа цхьана б1аьрга хьоьжуш, т1аккха вукху б1аьрга хьоьжуш.

– Ца го хьуна? – хоьттура лоьро, жимма дакккхийра элпаш а гойтуш.

– Ца го суна! Ва, ца го! Гура а дац, сайна ца лаъахь! – ша тайпа д1адийкхира 1адланас лоьрашна, шеца тахана цара йинчу харцона.

**1адлана проект**

1адлан кхоъалг1а классехь волуш «окружающий мир» предметан проект кечъян болх беллера. Компьютер а, Интернет а оьшуш болх бара и, ткъа и болх 1адланин ден йишина Заремина дика хуура бара, х1унда аьлча и ИКТ белхана т1ехь директоран г1оьнча яра.

– Тоьта, проект еш г1о оьшура суна, – г1о деха веънера к1ант.

«Тоьта» сиха йоллуш яра балхахь, школехь мел болу болх компьютеран т1ехь бан безаш бара, Дала бекхам бойла и компьютер юкъяккхинчу пхьерана. Йоццачу хенахь массо а хьехархоша 1амон безаш бара шайна болх бан компьютерна т1ехь. Кегийрачу хьехархоша-м институтехь а жимма 1амийнера шайна компьютерна т1ехь и болх, ткъа баккхийрачу хьехархошна 1емаш бацара и болх. Цундела муьлхха а «леккхара» белла болх, хьаьвззий Заремин коча бог1уш бара. «Миска» хьехархоша шайна ца хууш дериг, шаьш 1амо к1езиг къахоьгуш дерг, доцца дийцича, шайна дика хууш дара и ткъа Заремас г1о ца дара бахьана долуш, шайна т1едиллинарг кхочуш ца дало, олий шайна кочара дохура. Вовше барт бича и дан кхи хала а дацара. Куьйгалхо а сиха бертайохура, цхьана белхалочуьнга иттане меттане болх д1ацаккхехьалойла ойла ца йора. «Воьдаг лалла» – олуш хилла вайн дайш.

– 1адлан, «тоьтин» х1инца йиш яц, жимма собар де, – аьлла к1ант тергал ца вира Заремас.

К1ант реза вацара, шена т1е кхаьчначу хенахь «тоьтин» хан ца хиларна. К1антана ца гора «тоьтин» гонаха хьийза харцо, амма воккха хилча цунна шена а гура ду х1окху директорша, хьехархоша, кхин эзарнаш белхалоша,

шаьаш ца бан и болх хьанна а коча буллур буй.

– Со д1авоьду! – элира 1адланас.

Х1инца-м жимчу к1ента вахан меттиг бара, и жима хилар бахьана дара и. Амма воккха а хилла балха вахача, массара а санна, лийрйоцу бюрократица къовсам латто безар бу кхуьнан.

– Ца воьду! – шен йиш ца хилар гойтура «тоьтас»

– Со воьдура-м ву! – д1аволавелира к1ант шен х1инца бен долалуш доцучу дахаренга.

**1адланан зезагаш.**

Б1аьстенан малхо можалла елла къаьрзина зезагаш гулдира 1адланас шен ден йижаршана Зулашана а, шен нанна Лайлаъ а. Дикка къахьегнера к1анта зезагийн курс гулъеш, жимчу к1ентан дуьххьара курс. Шина ден йишас баркалла элира к1антана, хаста а вира, дика к1ант ву аьлла.

Цхьа г1алат даьллера 1адланегара, ца хууш. Оцу хенахь балхара школера ц1аеначу кхоалг1ачу ден йишас тидам бира, зезагаш шена 1адланас ца деъна хилар.

– 1адлан, «тоьтина» ма ца деъна ахьа зазагаш, – к1ант хьовзавеш элира Заремас.

К1ант воьхна хьаьвзира. Мох санна кевнах арахьаьдира. Дависарг, б1аьстено дуьххьара бацалахь хьалакъовдийна зезагаш-м 1адланас шадеригш хьалагулдинера. Гуттара къахьегча масех можанигш карадира к1антана. Велавелла, векхна шен ден йишина ведда веъна кховдийра к1анта ши-кхоъ зезаг.

– Лайлаъна, Зулашна-м дуккхо а ма деъна ахьа зезагаш, – к1ант хьовзош, элира Заремас.

1адлан воьхна хьаьвзира цкъа, т1аккха х1иллане вела а къежина, Заремина лерга улло веъира:

– Тоьта, аса царнна еънарг еккъа ц1ена буц ма яра! – к1елхьара велира и.

**1адлан инфляци.**

– Ахьа «пхиъ» даккхахь, аса туьма лура ду хьуна, – элира ден йишас Заремас 1адланига.

1адлан хьалхара классе дуьххьара араваьлла вара, цунна-м и «пхиъ» даккха дукха атта ду моьттура. – «Тоьта», аса-м х1ора дийнахь доккхура ду туьма! – элира 1адланас.

– Мегар ду, дош ло-кх ахьа суна, лой ахьа? – барт т1еч1аг1бира к1антаца ден йишас.

Школера дешаран денош д1адоладелира, масех де а делира 1адлан, шен ден йиша болх беш йолчу, ИКТ кабинета чу гучу ца волуш. Масех де д1адаьлча веларан байракх юьхьт1ехь а лепаш Заремин кабинета чу веъара 1адлан.

– Ахьа х1ун леладо ахьа? Вон лелаш ма вацара хьо классехь! – хьаьттира ден йишас.

– Велакъажар лахдира к1анта. Вац дера со-м вон лелаш, – халахитира к1антана.

Зарема дохко елира ша аьллачунна. Болх хала хиларна, цунна-м дицделлера шен к1антаца хилла барт. Т1е а яхна, маракъевлира цо к1ант.

– Муха ду хьан г1уллакхаш? – хьаьттира Заремас.

– Дика ду… – сецира к1ант.

– Х1ун леладо ахьа т1аккха?

– «Тоьта», сайн туьма д1адахьа веъна со! – кхетийра цо ден йиша.

– Ма дика ду и. «пхиъ» даьккхина ахьа? – сиха туьма делира к1антана Заремас.

Цул т1аьхьа а кест-кестта вог1ура 1адлан, шен «пхиъ» даздан. Иштта шо а чекхделира, шолг1а классе а велира 1адлан. Массех бутт чекхбаьлча цхьана дийнахь гучувелира к1ант шен «пхиъ» а дохьуш, ден йишина кхаъ а бохьуш.

– 1адлан, ма дика ду ахьа «пхиъ» даьккхина. Иштта деша ахьа, оьшура ду хьуна дахарехь, – хастийра Заремас к1ант, туьма д1а а кховдош.

К1анта туьма схьа ца ийцира, реза вацар а хаалуш дара цуьнан хьажарехь. Ден йиша цецйоккхуш д1аса а хьаьжира и.

– 1адлан, туьма ца оьшу хьуна? – хьаьттира Заремас.

– Тоьта, оцу туьманах х1умма а ма ца йог1у х1инца! – хаийтира к1анта шен дог-ойла.

– Х1унда? – хьаьттира ден йишас.

– Инфляци! – кхетийра к1анта.

– Инфляци х1ун ю? – теллира Заремас к1ентан хааршv.

– Тоьта, инфляци х1ун ю, ца хаьа хьуна? Цхьа туьма а эцна буфете ваг1ача, хьалха санна пираьжка ца ло-кх!

**1адланан хьалхарчу классехь хьалхара де.**

Дуьххьара ишколе вахана ц1а кхечира жима к1ант 1адлан.

– Нана! Ва, нана! – уьйт1а кхоччушехь ц1ог1 туьйхира цо.

– Х1ун боху ахь, сан дашониг! – олуш дуьхьала хьаьдира нана, цунна т1еххье баба а, воккха дада а.

– Ахь соьга урок пхиъ хуьлу х1унда ца элира хьалхxе!? Суна-м цхьаъ бен ца хуьлу моьттура! – т1ечевхира к1ант массарна а.

– Ой, сан дашониг, ишколан директора иштта нисдина-кх и, – бехказа йелира нана.

– Оцу директорца-м ас кхана къастор ду и. Ткъа ишколе х1оа дийнахь эхан деза х1унда ца элира аша? Со-м цхьана дийнахь вахача волу моьттуш ма вара?! – велха уозош шен т1оьрмиг нанна хьалха кхоьссира 1адланас.

**Хьалхара класс.**

Дуьххьара школе а, хьалхара классе вахана ц1авог1уш вара 1адлан.

– Вай, со йала хьан! Хьо ма хьалхехьа ц1а вог1у! Урокаш чеккха-м ца йевлера шу? – дуьхьала елира нана.

– Ца йевллера! – жоп делира к1анта.

– Ткъа хьо ц1а ма вог1у?

– Сайнарш йевлла чекх!

– Муха хьайнарш! Шун классан урокаш йевлла чекх? – ца кхетара нана.

– Ца йевла классанарш а! Сайнарш йевлла чекх!

13.09.22

**Автобусна чохь жима йо1.**

Арахь тов хьийзош йовха яра. Нохчийн пешана чохь чулла жимма бен шийла йоцучу «Газелан» салона чу елира цхьа зуда х1инцца кога яг1ана хир йолуш жима йоь1ан куьг а лаьцна. Йо1-м воккха стаг санна шен, сирлачу б1аьргашца чохь 1аш болучу нахе а хьаьжина десса лаьттачу г1анта т1еяг1ана д1ах1оьттира. Г1антана т1ехаа хьалаялан х1инца а жима яра и. Т1ехьайог1учу нанас, ша хьалха охьа а хууш, шен кера хаийра керахь хаза буьрка а йолуш йолу йо1 а. Хьацаран т1адамаш дара йоь1ан хьаьжт1ехь тоьхна, зезагана 1уьйренца т1едиллина долу тхи санна. Нанас-м киснара жима йовлакх схьадаьккхина, цу т1ера берийн суьрташ а гойтуш даржийна йоь1ан хьаьжт1е хьаькхира и. Йо1 цецъяьлча санна шега хьаьжича, нанас элира:

– Хьуна хьацар даьлла, сан йо1. Вайшимма иштта жима йовлакх а хьаькхина д1адоккхур ду иза.

– На-н, соьга ло зим йовлак, – дийхира йо1а нене.

– Хьо х1ун да йоллу цунах? Аса хьоккур ду хьуна, – элира нанас.

– Буьркана хьакха йоллу со. Цунна а даьлла хьацар, – кхетийра йо1а шен нана.

**Ши к1ант-дешархо.**

Ишколан шуьйрачу, ехачу уьйченаш екош, маьхьарий Хьоьккхуш, ловзуш, 1ункар-берташ кхийсалуш, кхоалг1ачу г1ате хьаьвзина хьалабоьдучу ламин аг1онна т1ехула чухехкалуш, каде хьийзара ши дешархо.

– Шу цирке х1унда ца доьлху, кхузахь харцхьа а ца лелаш? – хьаьттира эццахь гучуваьллачу хьехархочо-воккхачу стага.

– Ваша, тхоьгахь ахча дац цирке даг1ан! Ахьа лохьа тхуна «шай-кай», тхойшиъ-м хаза а хеташ г1ур вара цирке, – дехарашка велира ши к1ант.

– Аса-м цирке балха х1унда ца воьду шу шиъ, боху, – ши к1ант кхетон г1оьртира хьехархо.

– Ой, цо х1ун дуьйцу? Оха х1ун болх бийра бу циркехь? – ца кхетара ши к1ант.

– Х1ун болх бийра бу бохург и х1ун ду? Маймалийн метта хир ву-кх шу шиъ! – кхетийра хьехархочо аьрха ши к1ант.

**Жима к1ант Сайхан.**

Цхьа а уллохь воцуш балл диттан буьххье ваьлла 3—4 шо долу жима к1ант Сайхан. Ког а шершина чухецавелла вог1уш, цхьа аьтту а хилла дуткъа гаьннах тасавелла и шина а куьйга къевлина 1ункар чукхозуш хилла, ерриг юкъ 1адош хьоьккхуш мохь а болуш.

Мохь хезна, ведда т1евеъначу воккхахволчу вашас Халидас, чукхозуш волу жима воша хьалакхевдина схьалоцуш, аьлла Сайхане:

– Д1ахеца баллан га! Ас схьалаьцна хьо!

– Ма хецийта-а-а! – бохуш воьлхуш хилла Сайхан.

– Х1унда?! – цецваьлла хаьттина Халидас.

– Ас д1ахецахь, дитт охьадужуш ду! – жоп делла дериг дуьне бертал даьлла моьттуш кхеравеллачу жимчу к1анта.

**Сайхан а, лулахойн котам а.**

Шен дай санна даима а меца цхьа котам яра тхан уьйт1а эхан марзъелла. Пхи шо кхаьчначу вешин к1анте олура аса:

– Д1аэккхае и котам, хьо х1ун деш льатта?

Амма котам-м къар ца ялучух тера дара цуьнга. Т1аккха и яхье ваккхан дагахь аса элира:

– Сайхан, и лулахойн котам вайн уьйт1ахь шен ден ц1ахь санна лелар яцар хьуна, хьо стаг велахьара!

– Ваша, сан цуьнан санна ира з1ок ма яц! – бехказа велира хьекъален жима к1ант.

**Доьналла долуш волу завхоз Казбек а, дешархо Товсари а.**

Урок йара йолалуш, учител Фатима кечлуш йара шен эшарийн урокана нотийн хьаьркаш д1аязъян.

– Мел стенгахь бу? Сиха г1о мел бан! – дехар дира учаталас.

Товсари бохуш йолу йо1, ша и мох санна сиха араиккхира мел бан. Завхоз волчу Казбекана т1е кхечира йо1. Йедда йеъна, са а кхачийна, ц1ог1 туьйхира Товсарис:

– Мел буй?

– Мел беза хьуна?

– Мел беза суна!

– Собар дехьа! Мел беза хьуна?

– Собар до аса-м! Мел беза!

– И ма дийцахьа! Мел беза хьуна?

– Мел беза!

– Мел беза хьуна! – бохий аса-м, собар кхачалуш дара завхозан.

– Мел беза! – боху аса а, т1ечехан йуьйлира Товсари а.

Х1ара шиъ къийсалуш доллуш, учител Фатима а схьакхечира орцаха.

– Ванах и мел балан мегаш бац оцу берана?

Х1инца-м Казбекана а, шен доьналла долуш хилла болу дай а дагабаьхкира!

– Ой! Аса бохучуьнга ладуг1уш ма йац йа х1ара йо1 а, йа хьо а, ва Фатима! Мел беза схьаолуш ма дац шу и мел!

********************************************

**МИНИАТЮРАШ Забарен доца дийцарш**

**Сан доттаг1 Эдин Муса редакцехь.**

Сайн доттаг1 Муса болх беш волчу редакци кет1а нисвелча, телпо тоьхнера аса, и балхахь вуй хьажа.

– Х1ун деш льатта хьо кет1ахь, утарма а хилла! Чу вола, – бохура доттаг1чо.

– И со а, хьо а экккхарх хира доцург а ца дуьйцуш 1ад 1ехьа, – дийхира аса Мусага.

– Ой! И бохург х1ун ду, цхьа берзалой йац вай! Вайга ца далург и ма доккха х1ума хилан деза! – цецвелира Муса.

– Дера ду и, со санна стомма утарма вайшинна карора йац бохург, – кхетийра аса доттаг1.

24.11.22

**Зудчунна х1уш эцар.**

Воккха стаг балхара чу моссаза вог1у, дуьхьала йолура зуда, б1аьргаш а къарзабой:

– 90 сом доьхуш долу, х1уш ийцарий ахьа суна? – олуш.

Х1ора дийнахь зудчунна х1уш эца ахча а ца хуьлура, амма воккхачу стага, шена балхахь делкъана х1ума ца йууш а, зудчуна х1уш оьцура, цуьнга б1аьргаш ца къерзабайта.

Тахана-м алапа схьаделла самукъадаьлла вара воккха стаг. Х1уш-м х1ета а эцан дезара тахана, делкъана шена вуззалца х1ума йаъан а аьтто белира воккхачу стеган.

90 сом доьхуш долу х1уш чохь долу къоза пакет а йохьуш чоьхьа велира воккха стаг:

– Хьажал, сан хаза-диканиг, аса хьайна деъна х1уш, тахана алапа схьаделлера суна!

– Ой, и бохург х1ун ду! Алапа схьаделча, х1уш а дохьуш веъна хьо! Наха шоколад ма оьцу шайн зударшна, алапа схьаделча! – б1аьргаш къарзадира зудчо.

04.02.23шо.

**1арби – фельдшер-акушер!**

Воккха лор волчу ца воьдуш а, 1арби фельдшер бен вацахь а, цомгуш болу нах цунна т1е эха марзбеллера. Моз даочух тера дара цо, йа цомгушчарна хаза дуьйцучух. Делахь а цхьа дарба лелон 1емина хилан а мегара. Масана ду уьш, шайт1ана некъаш.

Цхьана хазчу суьйрана 1арби чу кхайкхинера шен накъоста. Дикка, молуш долчу къаркъано, коьртах тоьхначу хенахь, 1арбийн телпо г1ийла йийкира «ва-а-а!» олуш. Ца ваьлла схьаийцира 1арбес телпо:

– Ладуг1уш ву, схьадийцал, айхьа схьатоьхнехь! – аьлла.

– Х1ун боху цо? Х1усамнана-м йац, орца доккхуш? – хаьттира накъосташа.

– Тамашена нах бу-кх х1орш! Приеме веъча, саг1ена дала киснахь итт туьма а доцуш волу пациент ву-кх телпо йетташ, бале ваьлла! – реза вацара лор 1арби!

15.12.22 шо.

**Дала бина къинхетам.**

Дала дукха йахайойла и, зоьртала а, боьрша стаг санна дика онда а, йолуш зуда хилла цхьана йуьртахь. Маре ца йуьгуш цхьаммо а, дикка хан йаьлча, цхьа Делан къинхетам хьалха а баьлла, маре йахана хилла и зуда.

– Делахь, хьажахьа, кхоъ к1ант а вина, дика йаха хиъна и зуда, – бохуш дуьйцуш хилла шайна йуккъехь зударшлахь зударша.

– Дера вина-кх кхоъ к1ант-м… йо1-м цунна йан хуур а дацара, – бохуш йоьлура цхьа зуда.

27.12.22 шо.

**Кор схьа х1унда диллина!**

– И кор схьа а диллина, моза чу х1унда баийтина ахьа! Шайолчу йуучунна т1е хуьйшура ма бу и! – шен майра ву бохучунна чуг1оьртира зуда йу бохург.

– Ой! Сан хаза-диканиг, и кор ахьа ма диллира цхьа минот хьалха! – бехкала вахана элира Воккхачу стага.

– И кор ца дуьйцу аса! Моза чу х1унда баийтина ахьа боху аса! – т1ечевхира зуда.

02.01.23 шо.

**Хьан йазъйина роман «Евгений Онегин?**

Пенаш хьохуш, кира тухуш, басарш хьоькхуш белхаш деш цхьа зударийн тоба йара. Ца хууш болх бацара оцу зударшна, цундела церан къелла йацара болх карабарца: – «шайний, шайний болх бан даг1ахьара шу!» – бохуш къуьйсуш бара уьш. Амма ишколехь дуьйна дешаран кхиамаш кхин басарщца къегина бацара церан.

Амма оцу зударшна юккъехь, Киса ц1е а йолуш, цхьа зуда йара, ишколехь къаьсттини литератураца гергарло хилла. Шен ишколехь а къаьстина езаш хилла йолчу «Евгений Онеги-

нах» анекдот а хезина, и хьанна дуьйцура ду ца хууш сак1амделла йара и балха йог1уш. Шен накъостий зударш гича, кхин собар а ца тоьина, царна дийцира цо:

– Цхьана ишколехь хьехархочо хьттина хиллера берашка:

– «Хьан йазъйина роман «Евгений Онегин»?

– Аса-м ца йазъйина и, валлай, ца йазъйина-кх! – хьала иккхира цхьа дешархо.

– Аса а ца йазийна и! – шолг1а дешархо а бехказа йелира.

Кисийн накъостий, хьекъален йоьххьаш а йина, ойлане бевллера. Кийса кхийтира, ша хьашт доцуш долийна хиларх х1ара къамел.

Цхьана х1окхуьнан накъоста зудчо, х1умма а ца олуш ца 1ен, хьаттира:

– Т1аккха, карийний хьехархочунна, хьан йазийна хиллера и?

– Дела дуьхьа ца хаьа-кх, цигара д1а суна дага-м ца дог1у! – к1елхьара елира Киса.

26.10.22шо

**Ибрах1иман 1абдулхьамидан к1ентан доца дийцар.**

Цхьа зуда йара даима а шен кхиъна вог1у к1ант улло а воккхий, цхьаннийн чу йоьдуш, вукхеран чу йоьдуш, цкъа арайаьлча ц1а ерзан ца кхеташ лелаш.

Иштта шен к1антаца арайаьлла буьйса гена йаллалца масеха нахехь а

1ийна, хан йаьлча, шен к1анте элира нанас:

– Х1а! Вало, к1ант, ц1а г1ой вай?

– Стенга ц1а доьлху вай х1инца? – хоьттура к1анта.

13.10.2022

**№8 ишколин учиталски чохь.**

Шайн, буьйса юккъе яхалца, кечйина паланашна т1ехь, оцу «ийман доцучу» берашна урокаш а елла, уьйча лилхина, оцу берийн ц1озний г1овг1ана юккъехула учиталски чу а лилхина, доккха садаккха дагахь бара учиталаш. Не1 т1екъевлича тоьий, оцу «хьерадевллачу» берийн г1овг1анаш х1окху чохь а хезиш хилчи!

Цхьацца йолчу ишколехь хуьлу-кх, берашан а, ишколехь кхин ца хилчи а, сагатталур доцуш хьехархо.

– Лида Вахитовна, оцу уьйча а йалий, йист хилахьа оцу берашка, цхьа жимма доккха са доккхура дара-кх, кхин цкъа а урокашка аралелхалий, – дийхира цхьамма-м учиталски чохь.

– Лида Вахитовна, йиста-м ца хилича а х1умма а дац хьуна, уьйча ара хьажахьа! – бохура, Лида Вахитовна йевзаш йолучо.

13.10.2022 шо.

**Кхин цхьаъ №8 ишколера доца дийцар.**

– Оцу газах, светах ахча д1адала к1ордийна-кх суна! – учиталски чоьхьа елира цхьа майрачех йолу хьехархо. Эцца Г1аламкхойн махкахь учиталаша луш а дац-кх и ахча, цу т1е далахь!

Вуьйш болу хьехархой а бацара кхин дог к1едачех, цара а элира шайна хеташ дериг:

– Эцца и мацала бала бохкуш болчу «газовикашка», схьа а балабай, д1ахадайайта! – хьехар дира цхьамма-м.

– Цулле а дика хира ду, хьо, и хьайн г1овг1ане батт а эцна, оцу «Калмыке» д1а йаг1ача, – эцца х1умма а ца олуш ца 1ен, шен ойла йовзийтира кхин цхьамма а.

13.10.2022 шо.

**Лоьмар №8 йолучу ишколан дирехторан г1оьнчин кхочуш хилан тарлуш йолу ойла!**

– Вайн дирехторас Зураъас аьлларг хаьий шуна? – т1аьхьа а йисина чоьхьа елира цхьа хьехархо.

Х1инцалца ша олуш дериг элирий цо:

– Кхин т1аьхьа а висина цхьа хьехархо ишколехь гучу валахь, ша и балхара, шен лаамца, ц1ахь вуьтура ву! – хьаьттира дирехторан г1оьнчас Раисас.

– Делахьа и хьехархо балхара д1а а ца воккхуш, оцу 8«Б» классе цхьа ши урок йалан вахийтахьара оцу вайн дирехторас! – ойланен элира дирехторан кхин цхьана г1оьнчас.

13.10.2022 шо.

**Ибрагимов Хьасанан бераллин доттаг1чунах дош.**

– Кхин оцу ишколера ц1а вог1уш ма гайталахь, деъаннала лахара «оценка» а яккхий! – омра дира Сосийн Салман олуш волчу тхан лулахочо шен к1антана Ибрах1имна мацаха мелла а хьалха заманачхь.

Оцу дийнахь Ибрах1имас, ишколехь «аьтто» а баьлла, химина а, биологина а ши шиъ даькккхира!

Ша и лом санна ц1ахь буха хиъна 1аш вара Ибрах1иман да Сосин Салман.

– Масса даькккхира ахьа тахана ишколехь, Ибрах1им? – хьаьттира дас к1анте.

– Тахана-м, дада, диъ даькккхира аса, – воьхна вацара к1ант.

Иза-м дукха боккха аьшпаш ца хила там бара, шиннена шиъ т1е тоха хууш волучунна.

13.10.2022 шо.

**Хала болх.**

Иттех шарахь хьаькиман болх, а бина, т1аккха даржан лаха ваькккхина, ишколехь дирехторан г1оьнча болх, а бина, дуьненахь хилан тарлучу бюрократех чекх а ваьлла, «пенсионерийн хьаькимийн болх бан йиш йац», – аьлла балхара мукъа витина вара цхьа воккха стаг. Х1ора дийнахь: цхьа б1е сов, ишколашна болх бан 1амон, т1ейилинчу хьаькимийн конторашкара схьа мел оьхуш долу хьекъален кехаташна жоьпаш луш болх, а бина волу пенсионер ша шена висира уггаре а балхана т1ера кот ваьллачу хенахь. Шаверг а хьаьким хила лууш хиларна, учитал болх бан ца хаьахь а, учиталаш 1амон хууш хиларна, учиталаш ишколехь тоьуш бацара. Цхьа дика, хьаькимийн болх бан йиш йацахь а, пенсионерийн бакъо йара учиталийн болх бан.

Учитал балха вахара пенсионер. Ишколера техничка а т1ехь, шаверг а ладуг1уш вара – пенсионер дохко маца волу. Оцу хенахь цхьа учитал йеъира учиталски чу, пенсионера урок лучу классан уллохь ладоьг1уш а лаьттина:

– Хьовсийша, вайн пенсионерас лелош дериг!

– Х1ун леладо цо? Заявлени яздеш ву, балхара д1авала!

– Вац! Бегаш беш ву-кх дешархошца! Воьлуш!

22.09.22шо.

**Ши учитал автобусана т1ехь.**

Ши учитал йара, урокех мукъа а йаькkхина, дешархой а дирехторас мукъа а битина, г1ала йоьдуш. Хьаькимаша Интернет чуьра х1окхарна схьайаьхна, кечйина тесташ д1айала йоьдуш йара х1ара шиъ.

Цхьана учиталас сихха схьадаькkхина ахча д1аделира ГАЗель чохь, шолг1ачо шега далийта бохушехь:

– Саг1ийна! Делан доьхьа!

Г1алахь базаран кертара кхин а автобусца д1айахан езаш яра х1ара шиъ. Хьалхара учитал тохаелира къин цкъа а «саг1а даккха».

– Собар дехьа, соьга а далийтахьа и саг1а! Хьуна-м хьо к1елхьара яьлча бе бен д1а а ма ца хета! – бохура шолг1ачу учиталас.

22.09.22шо.

**Жоврат.**

Г1ала баха арабевллера учиталаш: мартанхой а, валаргхой а. Г1алахь вовшаха а кхитира уьш.

– Эхх1ай! Ма хала даьхкира тхо: оцу автобуса чохь д1а, схьа а детташ! – аьрзнаш дора мартанхоша.

– Деллахьа ца йеъира со-м хала! Эцца новкъахь кхин цхьа, ши зуда а кхетта, 250 рублей а делла такси техь хаза: 1аьржачу машенахь, локхуш музыка а йолуш, хаза к1ант а ма вара т1ехь! – дуьйцура Жоврат ц1е йолчу учиталас.

22.09.22шо.

**Пхьор.**

Суьйрана пхьор даъа охьахиира воккха стаг. Зуда а йара гонаха хьийзаш: Ша дийнан дохалехь хьаьнца дов даьккхира, масанца толамца чекхдаьккхира, масанца, аьтто а ца баьлла, тешанбехкаца д1адирзира а, дийцира зудчо. Масана дара уьш, майрачо х1ума юучу масех минотехь зуда дийца кхиъна рг!

Ша муха олу а ца хууш, зудчо т1аьххьара а хаьттира:

– Мерза йарий юург?

– Цхьана куьйга хьо сеца а еш, йиъина х1ума, суна мичара хаьа, и мерза йарий!

22.09.22шо.

**Телвизора бегаш бо.**

Телевизора чохь шина, кхаъа т1ег1ане охьахевшина зударий а болуш, д1ахьош дара Зударшна лерина дезаде.

Зударша вовшашка а, телепередача д1акхоьхьуш волчу Ислам Хатуевга а, микрофон а, дош а ца кхочийтуш хаза а, деза а, маза а, заза а хабарш дийцира. Телепередача суьйрана бажа ц1абаллалца лаьттинехьара, кхин а дуьйцург хира дара белхено хабарш. Ислам жимма каде а хилла, телепередача д1аерзочу даьлча массо а зудашна декъа доладира зезагаш, цхьана жимачу стага мор боьттина эсешна буц санна д1адоькъура зезагаш! Хьалха шина т1ег1ана-м хьалакхечира жима стаг, амма лакхарчу т1ег1ана дег1ана шоралла-м тоьура, дохалла ца тоьура.

– Эх1, гора жима стаг я1! Уьш пиряжкаш елхьара-м, хьала кхийсича даьллера и зезагаш! – бохура лакххь 1ачу зударша.

19.09.2022

**Бекханан доттаг1.**

Мелла а ахчанах х1ума елла хиллера Бекханас шен доттаг1чуьнга цхьана баттана. Пхи, ялх бутт хан яьллера доттаг1чун и ахча д1а далар ца хуьлуш. Реза воцучу Бекханас и шен зудчуьнга а дийцина хиллера. Зудчунна-м и ахча кхин а ч1ог1а дагах кхеттера.

Лечкъаш лелачу доттаг1чунна новкъахь т1енийсаеллира Бекханан зуда:

– И тхан чуьрниг вара-кх, ша вицвелла 1аш-м вац техьа хьо, – бохуш, къадийра зудчо.

– Дера ца вицвелла! Вицлура а ма вац! Вицвалан йиш а ма йац, ша и Владимир Ильич Ленин санна! – жоп делира доттаг1чо.

16.09.2022

**Бекхан ц1е йолу борз!**

– Со-м, хьуна ма хаъъара, цхьа борз ма ю. Вай цхьа к1ентий ма ду! Х1умма а ледара а доцуш! – къамеле ваьллера Бекхан, ишколан истолови истолана т1ехь чайна стака молуш тхо 1аш.

Чайна истака мелла ваьлча, шен истака схьа а эцна истоловин пхьег1аш йуьлучу д1аволавелира Бекхан.

– Ой, Бекхан, хьо стенга воьду? – хьтира Русланбек ц1е йолчу Бекханин коллега волчу жимчу стага.

– И бохург х1ун ду? Сайн истака дилан воьду-кх!

– Хьо борз ю ца бахара ахьа? Истака ахьа муха дуьлу? Зударшка х1унда ца дуьлийту ахьа, церан болх бац и? – цец ваьллера Русланбек.

– Муха дуьлу! Иштта дуьлу-кх, истолови чохь болх беш ерг тхан зуда ма ю, цуьнга дилийта-м ца дезара аса и! – д1атилира борз шен истака дилан.

14.09.2022 шо.

**Мелкие хулиганы!**

Россен цхьана г1алахь мечикан зударий бара т1ом болчу хенахь нохчийн зудчуьнга дуьйцуш:

– У вас там такие ужасы рассказывают! Что только у вас не творится! Ваших людей укутывают в тряпье! Бандиты кругом!

Нохчийн зудчунна дика хуучух тера дацара оьсийн мотт:

– Не-ет! У нас все хорошо, – жоп делира х1окхо, – это мелкие хулиганы, которые служат в милиции виноваты!

14.09.2022 шо.

**Моллина мерза кхор.**

Г1уркх а бетташ ишколан лууларчу кертана дехьара кхораш дохуш воллура ишкольни учитал-молла. Оцу хенахь кертана дехьа гучувелира кертан да.

– Делахьа ма мерза ду хьан х1ара кхораш! – воьхна хьаьвзира молла.

– Ду, – т1етайра лулахо, – лачкъийна дохуш долу кхораш даима а хуьлу мерза.

**Лачкъийна котам.**

Иттех шо х1окху ишколехь болх беш, дуьххьара саг1ийна юьртадас котамаш йоькъучу хенахь, котам кхаьчнера Воккхачу стагана-учитална.

– И тхан майрачунна-м ма ца елира оцу юьртадас и котам! – реза яцара истолови чохь болх беш йолу зуда.

– Иттех шарахь болх беш елла х1ара котам а шун майрачуьнаниг хилла-кх! – д1акховдийра учиталас котам.

**Молла кхайкхарий!?**

– Молла кхайкхарий! Хезарий шуна цхьаннена а! Ламаз дан дезаш вара со! – ша бен ламаз а ца до, аьлла гойтуш, «орца» дохуш, ц1ог1а бохуш чуьра ваьллера цхьа бусалба.

– Ца хезира, – жоп делира цхьана воккхачу стага, эцца уллохула т1ех волуш т1енийсавеллера и.

– Муха ца хезира? Суна-м ма хезира и… х1инцца, – гучудаьккхира шен х1илла бусалбано.

– Суна-м ца хезира, – ца къарлора воккха стаг.

– Муха ца хезира! Ца хазан йиш ма яц! – къовсаме велира бусалба.

– Ца хезира, – шена гонд1аха хьаьжира воккха стаг.

– Вай, со хьера ваьлла ма вац! Х1инцца цхьа минот хьалха молла кхайкха ма кхайкхира!

– Оцу хьан моллас х1ун дира-м ца хаъа суна, амма, эцца чохь 1аш волу тхан ишколан молла-м ца кхайкхира цхьаннега!

**Саг1ийна котамаш.**

Ишколехь саг1ийна котамаш йоькъуш йара дирекхтор. Шена а котам нийслура яц техьа дагадеъна, учитал Воккха стаг вара шен ма-хуьллу сиха уьйчахула д1аиккхина воьдуш.

– Хьо котам еха воьдуш велахь, исторожегара пакет йехалахь. Цхьа безамехьа хаза пакет ю и волчу чохь. Мел хаза ю, хаьий хьуна! Суна-м ца елира цо и, мел ч1ог1а аса йехарах, – хьехар дира техничкас Розас.

– Х1ун до аса оцу пакетах, суна оьшург котам ма ю? – ца кхийтира Воккха стаг.

– Х1ун до? Х1ун до! Нагахь санна, хьуна котам ца кхачахь а, пакет мукъна хир ю-кх!

**Букъарш.**

Ишколе чоьхьа волуш вара учитал Воккха стаг. Турникетана халла юккъе а нийсаелла х1оьттина лаьттара: ишколехь шен терзига боцучу безамца а, сихачу меттаца а дика евзаш йолу цхьа жеро-техничка.

– «Букъарш», со ишколе чу вохийтура варий ахьа? – бегаш бира Воккхачу стага.

– Ой! И бохург х1ун ду? Со-м яц «Букъарш»! – реза ца хилира жеро-техничка.

– Хала ма хеталахь, йо1! Воккхачу стага жимачуьнга олуш хуьла и иштта бегашена, – кхетийра Воккхачу стага, бехкала вахана.

Ша и малх санна елаелла, екхна, халла турникетана юккъера араяьлла, дехьа валийтара жерочо учитал:

– Ой! Со жима ю бохург ду хьан и, «ваша»?

– Дац! Со воккха ву, бохург ду-кх! – элира Воккхачу стага учиталас.

**Дирехтар доп-п1уп1-образовани!**

Цхьа вайна евзаш йоцу доп-п1уп1-организацехь, шайн организацин езалла гучудоккхуш, гайтаран хьама «конференци» яра еш, ишколехь шайн болх беш болучуьра учаталаш юкъаха а баьхна, схьа а гулбина. Дирехтаро лаккхара омрица деш куьйгалла дара, х1окху доп-п1у-п1-организацехь иштта а пхи-ялх бен воцучу белхалошна, т1е хьоькхуш мохь бара: «т1е мохь ца хьаькхича х1ара 1овдалаш кхеташ ма бац» – шуна массарна а хаийта.

Х1окху доп-п1уп1-организацехь а хаьара, ишколашна х1инцалерачу заманчохь х1уъу а коча долла мегара дуй. Х1окхара 1амон бисина бара, дешархой 1амон институташкахь кеч-бина болу учиталаш. Шайна хуъуш цхьа доккха х1ума долуш санна, шина сохьтехь хьехараш-м дира х1окху доп-п1уп1-организацин дирехтаран цхьана: бухгалтерас, кхо-виъ заместителаша, шиъ-ах допобразованин педагогаша а. Дирехтаран-м шен шиъ-ах бен воцучу белхалошна дов дан бен ца хаьара, х1унда аьлча – «т1е мохь ца хьаькхича х1ара 1овдалаш кхеташ ма бац».

«Шайна делла хьекъал ги а доьллина», бухахьа долчу хьекъалах и д1а ца ийбийта г1ер-таш, шайн ишколе ц1ехьа баха арабевлира учиталаш.

Амма цхьа хьехархо шен г1уллакх доцу дош ала г1оьртира:

– Хьажийша, допобразованин лерамен белхалой! Аша оцу шина сохьтехь дийцина Интернет чуьра, хьекъален хьехараш, т1едиллараш, шаьш тхоьга кхочушдайта электронни почте чухула схьатосучу ханахь, школе д1акхаьчначу хенахь, и муьлхачу школера белхалочо кхочушдан деза билгала даккхийша, шайн аьтто белахь!

– Цо х1ун г1ундалг1аш, къухаш дуьйцу! – цецйелара дирехтар ю бохуш ериг. Хьайн иста-тусе хьаьжа цкъа хьалха! Со бежана 1у ю-м ца моьтту хьуна, иштта соьца къамел дан! Д1айала кхузара! Йало хьайн бежнаш дажаде… аьлча а, хьайн бераш 1амаде, тхо 1амон а ца г1ерташ!

Дирехтарна мичара хаьара, шен «1овдалаша» эцца Интернет чуьра схьа а даьккхина, ишколан хьехархошна «1амош» дериг, ишколан дирехтаро муьлхачу учиталана коча дуллура ду, кхочуш де, аьлла!

Хьехархо-м куьйг а ластийна д1айахара.

Шуьйрачу доп-п1уп1-организацин кет1ахьа латта йисира: 15 эзар зарплата долу бухгалтер а, шен масех милион доьхучу «Лэнд-крузерана» уллохь, буьрса дирехтар а – шен эхь-бехкаца, Далла дуьхьала яхан езаш, цкъа мацца а!

**Розех лаьцна дош, кхин цкъа а.**

Ишколан йоккхачу уьйченахь юккъе а х1оьттина лаьтташ вара цхьа учитал воккха стаг. Оцу хенахь оцу йоккхачу уьйчена горгам хьакха арaяьлла яра техничка Роза. Ойланаша лаьцна волу Воккха стаг уьйчена юккъера д1а ца волура, Роза тергал д1а а ца йора. Го тийсина, тийсина, Розас кхин г1уллакх хириг а ца хилла, ластийна Воккхачу стеган когаха боьха горгам т1ехь кхозуш йолу швабра ялийтира:

– Эх! бехк ма биллалахь, – оьккхийтуш.

– Х1умма а дац, Роза, аса-м ловр ю хьуна и ахьа тоьхна швабра! – шен ойланийн йийсарера велира Воккха стаг.

– Деллахьа, т1етухура йолуш Роза а ма ю хьуна, лахь а, ца лахь а! – эккхийтира, йистехьо лаьтташ волчу ишколана икатешника Рамзанас.

**Казбекас ахча д1ададалар**

– Со хьайн дирехтор, лара х1унда ца лору ахьа? Т1аьхьа а висина ма веъна хьо балха тахана а! – дов дира ишколан керла х1оттийначу директора Арбетас, завхоз болх беш волчу Казбекана.

– Ой, со Ачхой-Мартане светах, газах, хинах ахча д1адала ма ваханера! – бехказа велира Казбек.

– Вай, аса светах, газах хьоьга ахча д1ало бутт хьалха ма элира, – цецйелира ишколан дирехтор.

**Шабашкера ц1абог1у «молланаш». 1умарин дийцар.**

Сибрехара шабашка чекхяьлча «нохчийн поездаш» бара ц1ехьа г1ерташ. Дехьа, сехьара купейшна чуьра, вагонаш чуьра а схьагулбелла зударий бара цхьана купейна улло гулбелла ладуг1уш. 1аламат ч1ог1а хаза назма яра оцу купейначуьра схьахезаш. Зударша б1аьргана йисте хьоккхура йовлакхан маь1иг, дукха назмо дог дашадина.

Эххар а назма д1атийра, «занкъ!» аьлла схьаеллаелира купейна не1. Зударий чухьаьжича гучуелира стол. Т1ехь лаьттиш «Жигулевское» пиво а дара, дика т1екхалла х1ума а яра.

**Техничкин Розин сардамаш**

– Сардам болла а ца хаъа суна, ШЕН ДАГТ1Е МЕЛ БОЬДУ ПХА БАКЪАБОЙЛА ЦУЬНА, – бохура Розас.

– — — — — — — — — — — — — — — — — — — — — —

– Оцу мечакана т1е х1уьттуш бу х1орш шаберш, ЦУЬНАН КАШ ЧУ БИЙШАР ЛОЙЛА Х1ОКХАРНА МАССАРНА А! – бохура Розас даггара.

**1усаман бегаш.**

– Х1ан, х1инца со д1авоьдуш ву-кх! – кхаъ баьккхира 1умарас.

– Стенга воьду хьо? – хаьттира 1усамас.

– И дуьйцуш дац, – дийца реза ца хилира 1умар.

– Т1аккха делахь, г1ундалг1аш т1е йовлалца собар де, – хьехам бира 1усамас.

– Аса х1унда до собар, г1ундалг1аш т1е йовлалца? – хаьттира 1умарас.

– Г1ундалг1ашна юккъехула хьо д1а мича вахана хуура ду-кх! – хьоьхура 1усамас.

**Йоккха стаг – пенсионер.**

Тхан ишколехь болх беш йара цхьа йоккха стаг пенсионер. Шаболу пенсионераш, гирз даьлла маймалаш санна, ишколера балхара д1абохуш бара. Амма йоккха стаг балхара д1а ца йаькkхинера, х1окхо шен хеннахь директорна ивзятка а елла – «Хьакъйолу хьехархо», аьлла ц1е йаькkхинера шена. К1ентаций, кхоалг1а-йоьалг1а йалийна йолучу к1ентан зудчуьнций 1аш йара йоккха стаг. К1анта-м вон вацара х1окхуьна – мала а мелла, айбина ша чу вохьуш, х1окхунна б1аьргаш къарзадора-кх цо.

Х1инцалерачу ишколехь бакkхийра хийцамаш хилла, компьютерца гергало лелон дезаш хуьлу, цундела йоккхачу стеган, и компьютер гича кхин самукъа а ца долу.

Иштта цхьана дийнахь, компьютерца тасаделла къамел девне даьлла йоллуш йара и. Хиллане а компьютерца машар ца хилча, йоккхачу стага элира:

– Валлай, х1окху ишколера д1а а яьлла д1аг1ура яра со, и ц1ераниш ган ца безахьара!

**Воккхачу стеган зудчуьна паспорт хийцар.**

Цхьана воккхачу стеган зуда яхана хиллера т1аьххьара хуьйцуш долу паспорт хийца.

– Хийцан хьан паспорт? – хаьттина воккхачу стага зудче и ц1а еъча.

– Хийцина дера… паспортана т1е тоьхна сурт хаза-м ца даьлла сан, – реза яцара зуда.

– Ой! Хьайн 15 шо кхаьчча даккхийта дезаш ма хиллера ахьа и сурт, – хьехар дора Воккхачу стага.

15.01.2019 шо.

**ДУ (дешаран урхалла) испециалисташ.**

Дешаран урхаллера ши испециалист кампеташ эца туькана йоьдуш яра.

Кхоалг1аниг наб озийна ч1енги к1ела буй а г1ортийна 1аш яра.

– Хьо йог1ий туькана? – хаьттира кампеташ эца йоьдучу шимма.

– Ца йог1у, со иштта а хаза ю, – жоп делира набарх яланза йолучо.

**Керла телпо-з1е.**

Керла телпо а эцна, цунна т1ехь болх бан ца 1емаш воллура цхьа Дешаран урхаллин испециалист.

– Ваццап юй хьан? – хаьттира уллохула т1ех волучу цхьана воккхачу стага.

– Ю дера са-м… ваццап а ю, «Приора» а ю сан-м, – жоп делира хьекъален корт.

**Г1алара еъна хьаша.**

«Ц1ОКО» (ц1ентр оценка качеств образовани) олуш йолчу леккхарчу организацера т1ехьажа еънач цхьана мечикна улло а ваьлла вог1ура ДУ испециалист цхьа воккха стаг готтачу уьйчахула. Воккхачу стага шена хьалхара не1 схьа а йоьллий, ша хьалха не1арах чоьхьа йолийтуш хилар тайнера мечикна.

– Ой, х1окху Нохчийчу еъчахьана, хьо воцург, не1 а йоьллуш, со хьалха чоьхьа йолийтуш боьрша стаг ца вели-кх суна, – къежара мечик. – И шун г1иллакх ду иштта акха, шайн зударий т1аьхьа а бохий, лелар, ширчу заманахь санна? Ахьа со-м ма йолийту хьайна хьалха чу, не1 схьа а йоьллуш, – хоьттура цо.

– Тхайн зударий хьалха чу ца бовлийтар, акха хилар дац тхан, – мечик кхетон г1ертара воккха стаг.

– Ткъа х1ун ду и, акхалла бен, – къар ца лора мечик.

– Зуда хьалха чоьхьа яьлча, цунна коьртаха х1ума ца тохийта, тхаьш хьалха чоьхьа довла тхо, – кхетийра эххар а воккхачу стага лаккхара хьаша.

21 январь 2019 г.

**Шавериг а шена т1аьхьа ваькkхина д1авуьгуш волу испециалист Мохьмад**

Малх делкъана хьала баьлла соцунг1а хилла лаьттачу хенахь, ДУ (дешаран урхалла) испециалисташ а, цаспециалисташ а, шайн белхан ц1е дукха хенахь йицъелларш а, кехаташ д1акегош, схьакегош… т1аккха вукху аг1ора кегош балхана хаъъал ницкъа бан г1ерташ боххура.

Кехатийн эрна бечу балхо б1арзвина, луларчу кабнетана чу, «шавериг а шена т1аьхьа ваькkхина д1авуьгуш верг» – аьлла лаккхара ц1е йолчу Мохьмад волчу, веъира воккха стаг, ДУ-хь (дешаран урхаллехь) къар велла кочура ца волуш висина пенсионер.

«Лулахочо» бийцира, бийцира шен бала, кхин цкъа а, кхин цкъа а:

– Х1ара кехат гой хьуна? Х1окху кехатана т1ехь бан беза болх къематан де ду-кх!..

– Х1ара кехат гой хьуна? Х1окхунна т1ехь хьега дезаш долу къа, дийцина а вер вац, х1ара а…, х1ара а, кхин х1оккхула а къахьеган деза-кх!!!

– Х1ара кехат гой хьуна?..

– Ткъа х1ара кехат!

– Ткъа х1ара!!!

Воккха стаг корта лестош а лаьттина, ара валан вуха д1аволавелира, лесточура корта а ца сацош. Не1аран саг1ехь сецина г1ийла вуха хьаьжира и:

– Со-м сайн оцу кехатийн (бюрократийн) бала балхон веънера хьо волчу.

– Ой, собар де ткъа, бийца хьайн бала, дош олуш ахьа нахе бийцича, бала а жимма лахло хьуна.

– И бала-м ахьа суна айхьа бийци, – олуш д1авахара воккха стаг.

20.02.2019шо.

**Истарши испециалист 1алавди.**

ДУ (Дешаран урхалла) истарши испециалист 1алавди вара, х1ора дийнахь «Ц1ОКО-но» (ц1ентр оценка качеств образовани) дешархошна а, хьехархошна а х1уьттарена ишколашна еллачу тестийн отчет, ишколаша «ЦIОКО-н» Интернет-сайтана т1е яьккхиний хьожуш, 1уьналла деш.

Д1атуьйхира 1алавдис цхьана ишколе телпо-з1е:

– Шун да хьаккхийца… аша Интернетана чу яьккхиний тестийн отчет!

– Яьккхина-а-а! Яьккхина-а-а-а!!! – хезира дуьхьала, дахделла, дуткъаделла, к1адделла аз.

Д1атуьйхира 1алавдис кхин цхьана ишколе а телпо-з1е:

– Шун да а, ден ваша а!!!.. Аша Интернетана чу яьккхиний тестийн отчет!!!

– Ва, 1алавди-и-и, яьккхина, яьккхина, селхана дуьйна… аьлча а, 1уьйрана… аьлча а, суьйрана…

Д1атуьйхира 1алавдис телпо-з1е кхин цхьана ишколе а:

– Шун да а, ден ваша а, цуьна вешин ваша а!!! Хьакха юуш!!! – дов дира цо. -Тестийн отчет чу х1унда ца яьккхина аша, Делан мостаг1ий! – олуш х1инцалерачу нохчийн хьаькимийн озаца т1ечевхира Дешаран урхаллин Истарши испециалист.

– Делахь ца хаьаа суна-м ахьа х1ун отчет юьйцу, ша х1окху цхьана вехаш волчу стагана динчу ц1ено чохь айса еш йолчу иштукатуркех лаьцна ца язъяхь и отчет, – жоп делира аз доьхначу иштукатурщиц-зудчо.

Телпо-з1е харцахьа кхеттачух тера дара 1алавдин х1инца-м.

**Истарши испециалист Шема.** (Шема Йинчу денца декъала йеш)

Йина де ду, аьлла совг1аташ дира истарши испециалистана Шемина ДУ (дешаран урхаллехь) мел волчу воккхачу, кегийрачу, лакхарчу, лахарчу испециалисташа. Мел к1езига а, цхьа машен йоьттина хир йолуш совг1атана х1ума вовшаха кхеттера Шемин.

Х1усамда, Эстамаран к1ента, к1ентан к1анта, машенахь т1аьхьа а веъна д1а йиган карах ца долуш, итт туьма а лой такси кхойкхура Шемина даима а. Цундела, Шемица цхьаьна болх беш волчу гергарчу Воккхачу стага, кест-кестта шеца ц1а д1акхетайора истарши испециалист.

Тахана а хьттира Воккхачу стага:

– Шема, со ц1а воьдуш ву, хьо д1акхетайой шун ц1а? – аьлла.

– Дера ца кхетайо тахана-м… Эстамиров едет! – кур-ра жоп делира истарши испециалистас Шемас.

– Суна-м хаара, шена д1аяхьа х1ума хилча, и шун Эстамиров хьо д1айийга машенахь вог1ур вуй! – элира Воккхачу стага.

21 февраль 2019 шо.

**К1едачийн де** (День ленивых)

Цхьана воккхачу стеган хилла ч1ог1а к1еда, карх ца долуш зуда. Ша деш долу г1уллакх (нагахь дагадеъча) дина ца йолуш, д1айолалуш, схьайолалуш, соцуш «Ванах, со х1ун деш ю-ю! Со мила яра-а! Аса х1ун леладо-о!» – бохуш санна лаьтташ, ц1енкъа юккъе д1а а хуттий.

26 чиллан беттан де «К1едачийн де!» – аьлла д1акхайкхиний хиира зудчунна телевизорна чухула.

– Хьажал, стаг, ахьа бохура со к1еда стаг ю, сан г1уллакх дан карах ца долу! Тахана шадерг дуьне а ду К1едачийн де даздеш! Гой хьуна! – т1ехтуьйхира зудчо.

– Неха-м шарахь цхьа де хир дара и «К1едачийн де», хьуна-м х1ора де а ду и, – элира воккхачу стага.

2019 шеран чиллан беттан 26 де.

**Маккин алапа**

ДУ (дешаран урхаллехь) лакхара классан испециалист йолучуьра хьалхарчу классан испециалист, аьлла зарплата т1е ца тоха керла ц1е а елла, лелаш йолчу Макка шен миска зарплата схьа ца луш гуттар а карточкана т1е даьлла смс лара еш хуьлура.

– Эх1, зарплата т1е даьлла-кх вайна! Хьоьгара кхаъана 50% хьан зарплата дог1у суна, – аьлла хаза хитира цунна шен телпо т1е хаьжича, уллохь 1аш волчу ша санна миска испециалистана кхаъ а баькххира цо.

– Ой, соьга а ца боккхуш, хьаькиман г1оьнча волчу Ахьмаде баккха безаш ма хиллера ахьа и кхаъ! – жоп делира вукхо.

– Х1унда? – цец яьллера Макка, шена 50% хир яц аьлла тарделла.

– Цуьнан зарплата 40 эзар ду, сайниг-м 17 бен дац. Цунна бу-кх и боккъал а кхаъ!

**Макка электроэнергин коьртаниг.**

ДУ (дешаран урхаллин) хьалхарчу классан испециалист Макка электроэнергин урхаллин белхалочуьнга маре яхар нисделира. Цхьаъ испециалист марехь яра хин урхаллин белхалочуьнгахь. Ши йо1 хьовзайора белхалоша хи д1адаьлча а, электричество д1а яьлча а: вайн невце телпо тоха еза, олий.

Цхьана дийнахь свет д1айоккхуш, схьайоийтуш, д1айоккхуш, схьайоийтуш, компьютераш болх бан ца юьтуш лаьттира.

– Макка, и вайн нуц тахана-м кеп йина ву моьтту суна, – элира цхьана белхалочо.

**Ахьмадас телефон тохар.**

Со улло т1е вахача а лаьтташ хилар телпо етташ.

– Алло!

– Хьо хьаьнга етташ ву телпо?

– Хьоьга етташ ву-кх.

– Делахь, алло! – лерга лецира телпо.

**1уьйрана балха т1аьхьадуьсуш**

– Мачаш х1унда ца ц1анйина ахьа? – реза вацара майра.

– Мачаш ц1анйича, хьо д1а г1ура ву машенахь, соьга а ца хьоьжуш!

**Учиталийн чоь.**

– Х1окху учиталски кабинетана чохь меттиг шоръелча санна ма хета суна. Х1окху чуьра цхьа, шиъ истол араяьккхина моьтту суна? – ца кхеташ хьоьжура воккха стаг чухула д1а-схьа.

– Деллахь ца яьккхина кху чуьра-м цхьа а стол ара. Эццига техничкас горгам а хьаькхина цхьажимма чан д1а яьккхин-кх! – кхетийра воккха стаг математикан хьехархочо Хьавас.

**Воккха стеган кхаж.**

Ишколан столови чохь истолана гонаха хевшина 1аш иттех хьехархо-зударий бара. Столови чу веъира хьехархо-воккха стаг, чайн истака малан дагахь. Зударшна юккъера дирекхторан г1оьнча а йолуш, г1иллакхен жимчу зудчо Фатимас сиха воккхачу стагана чайна истака доьттира:

– Х1окху зударшна юккъе ца хааво аса хьо, кхаж баларна кхерам бу хьуна, – элира воккхачу стаге жимчу зудчо.

– Цхьа-шиъ кхаж баьлча а новкъа-м бацара, – ша-шега олуш санна элира воккхачу стага.

**Вон зуда.**

Чохь г1уллакхаш дан а ца хаа хьуна! Вон зуда ю хьо, хьо д1а а яхийтина, кхинарг ялон еза! – дов дора воккхачу стага шен зудчунна.

– Ва, стаг, со х1унда ю вон! Молуш а яц, узуш а яц! – бехказа юьйлура зуда.

**Разита.**

Курсийн куьйгалхо Разита реза йацара, хьехархоша шера ца аларна:

– «Иштта» а олуш, майрра ала дош!

– Разита, «дуй хьуна!» ала ца мега!

2021 шо.

**1ашхой-мартанхочун забар.**

– Хьажахь, дукхавахарг, х1ара х1ун юрт ю? -хаттар дина катархочо валаргхочунга.

– Валарг ю-кх, – жоп делла валаргхочо.

– Валарг-м шаверг а вара шу, юьрта ц1е йийцахьа, – бегаш бина катархочо.

– Деллахь ца хаа, Валаргий, Катар-Юрт вовашахкхетталца-м иштта ц1е яра х1окху юьртан, – жоп делла валаргхочо.

– Эх1, ткъа х1инца тхан Катар-Юртах шун Валарг схьакхетта ма ели, х1инца х1ун ц1е туьллура ю аша шайн юртана? – хьаьттина катархочо.

– Деллахьа ца хаьа. Катархо-Валарг ц1е туьллург хир ю-кх, – жоп делла валаргхочо.

**Валаргхойн забар.**

– Х1окху юьртан ц1е муха ю эр дарий ахьа, жима стаг, – хьаьттира юьртара воцучу цхьана стага ца ваьлла х1окху юьрта нисвеллачу цхьана стага.

– Х1ара юрт Валарг ю, ткъа со валаргхо а ву! – жоп делира жимхас.

«Деллахь, х1окху юьртахь 1аш ма вара и сан цхьа хьаша, иза 1аш волу урам карор бацар тешна» – ойла еш юьртахула волавелира юьртара воцу стаг жимхана жимма гена ваьлча. Дуьхьала йог1у цхьа зуда саца а йина цуьнга а хаьттира цо:

– Хьажахь, яларгхо, иштта ц1е йолу урам стенгахь бу хаьий хьуна?

– Ой, со х1унда ю яларг! – реза йоцуш яппарш йира зудчо.

– Ца хаьа делахь суна-м, и д1о воьдург валаргхо хилчи, хьо яларгхо ца хуьлу? – цецвелира юьртара воцу хьаша.

**Пису-Мохьмадан жижиг-галнаш**

Цхьамма-м пис-Мохьмад ца алархьама Пису-Мохьмад олуш керла ц1е кхьоьллина цхьана мартанхочунна.

Цхьана суьйрана лулхо чувог1уш хаавеллачу Пису-Мохьмадас, х1усамнанас х1инцца дина схьадаьхна жижг-галнаш, дехьачохь хьулдина. Хьулдар х1ун пайда бу, жижг-галнаш муха гена чомехь хьожакххеташ ду ма хаьий вайна-м. Лулахочунна хьалха-м Мохьмадан х1усамнанас стомарлера сискалан ах а, мустбелла шолг1а к1ира а долу морзберам а х1оттийна.

Жимма 1ийна лулахо д1авахан тохавелича Пису-Мохьмада бехказа-волун кеп х1оттийна:

– Деллахь, хьенех, бехк ма биллалахь хьо ледара т1еэцарна, юучух херделла тхо т1ехьарчу хенахь. И сискал, морзберам мерза хилла-м хира бац, – аьлла.

– Делахь, Пису-Мохьмад, дара уьш-м ша х1инцца схьадаьллачу жижг-галнийн хьожа а йог1уш! – жоп делла лулахочо.

**Мумадан кибарчиг.**

Пеш юттуш воллуш Махьмудан цхьа ц1ен кибарчиг т1е ца тоьина. Шен кертахь лахарх кхин ц1ен кибарчиг ца карийна цунна. Лулахь кестта ц1ен кибарчигах ц1а а доьттина 1аш волчу Мумадан керта кхайкхина Махьмуд

– Х1ун боху, – аьлла дуьхьала ц1ачура араваьлла Мумад.

– Деллахь, Мумад, цхьа еттана кибарчиг ма оьшура суна, пешана йилла ца тоьи сан, – дехар дина Махьмуда.

Дийнна кибарчиг кхоийна, шиъ ах а елла д1авахийтина Мумада лулахо.

Ши-кхо шо даьлча цхьа Делан аьтту хилла Махьмудас а долийна шена ц1ен кибарчигах дотта ц1а.

Лулахочо ц1а деш новкъадаьлла кет1аваьлла бухд1ахашкахула хьоьжуш лаьттачу Мумадига хаьттина т1ехволучо, салам-калам а кховдийна:

– Ма г1ийла 1аш-вехаш вара и Махьмуд. Ц1а дан ц1ен кибарчиг стенгара яьлла техьа цунна?

– А-а, иза-м аса еллера цунна, – жоп делла Мумадас.

**Дог ц1ена Балавди.**

Соьлж-г1алахь ПМК-н кертахь ха дан балха х1оьттина Балавди, кест-кестта гуш хилла лулахь 1енчу Салавдина цу кертара х1ума лачкъийна воьдуш. Эххар дуьхь-дуьхьал 1оттавелла х1ара шиъ. Лачкъийна уьн юьхьаг яхьаш вог1учу Балавдис, Салавди а гина воьхана ша х1ун эра ду а ца хууш аьлла:

– Деллахьа, Салавди, лачкъон а ца 1емина хала лачкъайо аса х1ара х1ума!

– Деллахьа, Балавди, х1окху г1алахь мел ериг лачкъийча а, 1емарг ца хилла-кх хьуна и х1ума лачкъон! – жоп делла Салав

**Коьчал-нус.**

Тхан вешин бераш дара цхьана малх хьаьжинчу дийнахь буйнахь бепиг юьхкаш а йолуш арадевлла.

– Ой, аша х1ун до? Бепиг бен кхин яа х1ума яц шун чохь? – хаьттира аса.

– Ду… ду тхоьгахь-м жижиг-галнаш а чохь! – яхье йолуш жоп делира жимачу вешин йо1а.

– Ткъа аша жижиг-галнаш х1унда ца дуу ткъа? – цецвелира со.

– Иза-м… иза жижиг-галнаш дууш-м тхан нана ю! – шен хьакха санна ерстинчу нанна т1ех1оьттира йо1.

**Сан вешин йо1 Зарема**

Со волчу хьошалг1а ялх шо долу вешин йо1 Зарема йеъна самукъадаьлла и хьовзийра аса:

– Зарема, аса багахь зурма а олуш, т1араш тухура ду, ткъа ахьа вашина гайтал хьо хелха муха йолу, – аьлла.

– Ваша, суна-м ца хаьа хелхаялан, ахьа гайтахь, – дийхира жимчу йо1а.

Со айса-сайна йиша а локхуш йо1ах хелха велира, Заремина муха ялан еза гойтуш. Йо1 ч1ог1а самукъадаьлла йоьлура.

– Кхин цкъа а гайтахь! – дийхира йо1а со сецча.

Аса кхин цкъа а ког шаршош уьйт1е ма-ю гуобаьккхира.

– Ваша, х1инца божарех валахь хелха! – дийхира йо1а.

Божарех хелха волуш Заремина хьалха бохь а боьг1на, йо1 хелха яккхан вуьйлира со багахь зурма а олуш, т1араш а тухуш. Амма Зарема букъберзийна д1айолаелира со тергал а ца веш.

– Ой! Хьо стенга йоьду? Вашина хелха ца йолу хьо, ва Зарема? – хьаьттира аса жимчу йо1е.

– Х1ан-х1а, ваша, дог ца дог1у сан! – жоп делира жимчу Заремас.

**Нисъелла нус.**

Шен вешин х1усаме чувахана хилла воккхаха волу ваша. Воккхахчу вешина хьалха чайна стака х1оттийна несо. Такхор санна ерстина йолуш мел к1езига а кухни чохь ах меттиг д1алоцуш йолу нус, марвешига шен бала балхон йолаелла даима а санна, шен майра ц1ахь воццучура:

– Деллахьа, Ваша, алапа а к1езига доккху оцу шун вашас. Цо мел юуш йолу х1ума къаьхьа де ду-кх. Х1окху кухни чуьра ара волуш а вац дийнахь а, буса а.

«Даймохк» газета санна оза волуш мохо а техкош лелаш волу шен ваша дага а веъна:

– Деллахьа, юуш верг и тхан пекъар ваша велахь а, дег1ана т1е-м хьуна йолучух тера ду и юург, – аьлла марвашас.

**Г1иллакхен нуц.**

Хьайн стунда 1аш волчу урамехула, хьо говра хиъна воьдуш велахь а, лаьтта воьссина г1аш т1ех волуш г1иллакх х1оттон деза, хьо къонах велахь! – хьехар дина к1антана дас-нанас.

Керла машен эцна дукха хан ялале, цхьа г1уллакх хилла стунда 1аш волчу урамехула т1ехвалан дезаш нисделла к1ентан. Урам болалучохь шен машен д1а а яйъина и туьттуш вог1уш шайн урамехь нуц гина, стумцхой ара лилхина. Стунда хьалха а волуш т1ехьаьлхина машен тоттуш г1одан сихбелла уьш.

– Белзин кхачийна хьан? – хьаьттина стундас эххар а шен невце.

– Х1ан-х1а, шун урамехь г1иллакх лаьцна динара воьссинера со-м! – жоп делла г1иллакхен невцо.

**Исрапилов Хож-Бауддина.**

– Схьахьажахьа, и Ц1уц1а бохуш верг хьо вуй? – хьаьттира урамехь саца а вина Хож-Бауддига цхьана къонахчо.

Д1а-схьа а хьаьжина билггал шега луьйш вуй а кхетта:

– Х1инццалца схьа-м вара со Ц1уц1а, – жоп делла Х1ожа-Бауддис.

– Ой, ткъа х1инца дуьйна д1а Муц1а хила дагахь-м вац хьо? – цецваьлла къонах.

**Г1иллакхен жима стаг.**

Аьрзун з1акарца къовсавелча санна хьаьвзина маара а болуш, ира, сиха уьдуш 1аьржа ши б1аьрг болуш жима стаг автобусна чоьхьа а волуш, сонехь д1атарвеллачу воккхачу стагна улло охьахиира, спортан говрана т1екхоссалуш санна.

Воккха стаг шен цхьаъ бен йоцу церг туьйсуш морожница къовсавелла воллура. Морожни ч1ог1а г1орийначух тера дара.

Аьрзух тера жима стаг къаьрззина хьаьжира воккхачу стеган цхьаъ бе йоцчу церге.

Цкъа а шозза а жима стаг шена къаьрзича:

– Х1а! – олуш, д1акховдийра воккхачу стага морожни.

Шен ира цергаш къарзош схьаэцна цкъа-шозза кхаьллина д1аяг1ийтира морожни жимчу стага. Жимма 1ийна, шен куьг готтачу джинсин кисна даг1ийтина «Суппер стиморол» сег1аз схьадаькккхира жимчу стага. Шиъ буьртиг геннара чуластийна шен бага яг1ийтира цо.

Воккха стаг шен цхьаъ церг гойтуш бага г1аттийна хьаьжничохь висира.

– Х1а, батя! – олуш воккхачу стагана кховдийра г1иллакхен жимчу стага т1улг санна ч1ог1а долчу сег1азан буьртиг. 17 08 08 шо.

**Гиххойн кура зуда.**

Вайна массарна а евзаш йолчу Гихтан эвлайисттерчу биънекъ къаьсттачу меттиге «Соьлж-Г1ала – Катар-Г1урт» микроавтобус схьакхаьчча шоп1ара мохь туьйхира салон чу:

– Гихта центре д1авиган везаш стагга а вуй?

– Со т1ай доллучохь охьайоссийталахь, стаг, – кхоьссира цхьана курочу зудчо, водителе аг1ора д1ахьажа а ца ешаш.

Шоп1ара-м шен автобус Валаргхьа аг1ора ерзийра, кхин цкъа а ч1аг1алона мохь а олуш:

– Гихта центре воьдуш стаг вуй?

– Со-м ю, – кхин цкъа а кхоьссира курачу зудчо.

– Ой, аса хатта-м ма хаьттира, – реза воцуш яппарш йира шоп1аро.

– И бохург х1ун ду? Аса т1ай доллучохь со охьайоссийта ца элира хьоь? – т1ечевхира кура зуда, Гихта эвлаюккъехь бен х1окху доккхачу дуьненчохь а кхин цхьа а т1ай доцуш санна.

**Соьлж-Г1алахь.**

Катар-Юрта йоьду автобус «т1анк!» – аьлла хьалайотталца новкъайолуш яц, бехачу новкъахь лаьттарш белла 1оьхкуш белахь а, оцу автобусе хьоьжуш. Эххар а автобус йоьттина яьлча, т1ееира сан дахар санна цхьа ирча зуда:

– Ахча схьакховдадел! – аьлла омра а деш.

Массара а чехкка, ша-шан сиха дала а г1ерташ, д1акховдийра ахча, «и ахча д1аделча а и зуда кочар ер яцара техьа» – аьлча санна.

Цхьана зудчо-м шина меттигна а ахча делира, цхьа ондуо мел к1еззиг а шиъ-ах меттиг д1аолоцура йолуш зуда шена уллора д1аериг.

– Цхьаммо ахча схьа ца делла-кх! – кхайкхира «кассира», «х1инца-м кочар яьллера х1ара» – аьлла хеттачу хенахь.

Массарна а гуш дара чохь мел волучо ахча д1аделла хилар. Амма «кассир» 1ен а ца 1ийна цхьана жимчу стага делира цунна пхи туьма.

Автобус йолаелча, «кассир» геннахь йисича, салон чура зударша г1овг1а эккхийтира: «Оцу, кассир аьлча а, оцу лаьхьано пхи туьма совнаха даькккхира!» – аьлла.

Дов ца соцуш гена даьлча цхьана воккхача стага элира:

– И зуда-«кассир» вайца схьаялон езаш хиллера вай.

– И ма яра хьуна х1окху чохь оьшуш! И х1унда элира ахьа? – воккхачу стагана т1ебирзира зударий.

– Цунна т1ера Карат-Юрта кхаччалца вай ахча д1аделла, цунна дов деш-а-а схьадог1ур дар-кха, – жоп делира воккхачу стага. (март 2009 шо)

**Валаргхойн жима стаг.**

Массарна а бале даьлла хир ду, Соьлж-Г1алара схьайог1у микроавтобус Гихта схьакхаьчча х1утту хьал. Цхьаъ бен гиххо оцу автобусна чохь вацахь а, и оьций Гихта юьрта юккъе йоьду и, асфальтан зуьбалгех буьззина болчу некъахула. И некъ Гихтан эвлайистехь автобус юьртаюккъе д1ахьаьвзичура Валаргт1е схьабог1учул а дуккха а хала бан дезаш бу, делахь а гиххоша диъ туьмий бен ца ло, валаргхойн пхиъ туьма охьакхоссан дезаш хуьлу автобусан шоп1арна.

Цхьана дийнахь Гихта эвлайистте кхоччушехь, ша х1инццалца ма аллара:

– Гихта центре виган везаш стагга а вуй?! – аьлла хьаьттира шоп1аро.

– Со ву! – д1аса а хьаьжна, цхьа а вист ца хилчи, оьг1азен жоп делира цхьана жимчу стага.

Реза воцуш оцу жимчу стаге а хьаьжина, шоп1аро-м шен машен ерзийра эвлаюккъе. Цхьа хан яьлча, асфальтан гушна т1ехула гуттар лахъеш йог1ийтуш, д1акхечира автобус Гихта центре. Амма автобусна т1ера охьавуссуш стагга а вацара.

– Ванах, ахьа хьо Гихта центре ван лууш ву ца элира? – т1евог1авелира жимчу стагана шоп1ар.

– Сан г1уллакх-м чекхдели, – дуьхьала реза вацар гайтира жимчу стага а.

– Ой, и х1ун г1уллакх дара? – кхин а ч1ог1а цецвелира шоп1ар.

– Оццул сайна бале яьлла х1ара гиххойн центр х1инца а лаьтташ юй хьажа дагадеинера суна-м, – шек воцуш жоп делира Валаргт1ерчу жимчу стага.

**Педсоветехь.**

Гуттар а сихвелла хьехархошна т1е1аткъам беш дош олуш воллура ишколан директор. Ц1еххьана хьехархошна юкъкъехь, хан иккхина волчу ОБЖ-н хьехархочун телефонан горгли бийкира саца а ца туьгуш.

– Ой, и телефон педсоветехь д1аяйан мегаш ма яра! – резавоцуш хьаьжаюккъе шед бира директора.

– Ц1ийнан… нана!.. Ц1ера етташ ю! – классан чуьра аратилира ОБЖ-н хьехархо, телефон цхьана минотана а лергара д1аяккха ца ваьхьаш.

– А-а-а, ц1ера етташ елахь-м ц1е яьлла г1уллакх ду иза, – шен хьехархочух дика кхеташ корта ластийра директора.

**1абазан рицкъа.**

– Хьо х1ун деш 1уьллу кху чохь вижина, боьрша цициг санна! – т1ех1оьттира хьаьрччина вижина 1уьллучу 1аббазана, балхара вог1уш чух1оьттина лулахо.

– Д1авала, ма г1ерта сунна новкъа. Сайна Дала делачу рицкъане хьоьжуш 1уьллу со, – жоп делира 1абаза.

– И х1ун рицкъа ду? Болх ца бича х1ун рицкъане сатуьйсу ахьа? – хаьттира лулахочо.

# Конец ознакомительного фрагмента.

Текст предоставлен ООО «ЛитРес».

Прочитайте эту книгу целиком, купив полную легальную версию на ЛитРес.

Безопасно оплатить книгу можно банковской картой Visa, MasterCard, Maestro, со счета мобильного телефона, с платежного терминала, в салоне МТС или Связной, через PayPal, WebMoney, Яндекс.Деньги, QIWI Кошелек, бонусными картами или другим удобным Вам способом.